

Pou Piblikasyon Imedya: 11/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU RÈGLEMAN SÈVIS REVNI ENTÈN (INTERNAL REVENUE SERVICE, IRS) FINALIZE A KONSÈNAN SOLISYON ALTÈNATIF SALT YO

Lè li finalize règleman sa a, gouvènman Federal la ap kontinye atak ekonomik ki gen motivasyon politik li a sou New York - yon atak ki te kòmanse avèk Prezidan Trump ak alye li yo nan Kongrè a epi konye a IRS la ap fè li avanse. Yo pa ta dwe sèvi ak IRS la tankou yon zam politik. Règleman yo pibliye jodi a manke baz legal, ranvèse plizyè deseni presedan san otorizasyon Kongrè a, epi li sible pwogram New York ak lòt Eta yo etabli pou ankouraje kontribisyon karitatif yo.

New York deja voye 36 milya dola anplis bay Washington pase sa nou jwenn an retou chak ane. Epi gras a plafon SALT Repibliken an, yo ap sèvi ak Nouyòkè yo tankou ATM, nan peye yon 15 milya dola anplis chak ane ki pral redistribye ak Eta wouj (red states) yo ak antrepriz yo. An repons ak atak ekonomik sa a, nou prepare yon nouvo pwogram kontribisyon karitatif ki gen ladan presedan ak prensip legal ki la lontan nan administrasyon taks federal la. Nou pral kontinye tout opsyon yo, gen ladan litij, pou reziste atake sa a sou Eta nou an ak kontribyab yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)